



Department of Extended Learning Manyèl pou Paran/Responsab

FILOZOFI APRANTISAJ PWOLONJE

Objektif Depatman Aprantisaj Pwolonje a se fasilite opòtinite pou bon jan pwogram gadri apre lekòl ki satisfè bezwen fondamantal komen tout elèv pandan lè apre lekòl yo. Li enpòtan anpil pou elèv yo genyen aksè nan meyè opòtinite posib pou devlope pou vin adilt ki an sante, byen adapte epi responsab.

ENSKRIPSYON

Tout paran dwe soumèt yon demann kontra enskripsyon nan Eleyo pou pwogram apre lekòl 2024-2025. Depi w fin kreye demann kontra a, ou pral resevwa yon imèl pou fè w konnen demann kontra w la ap tann apwobasyonmanm estaf yo epi yo pral revize l nan lòd yo te resevwa li. Anplis yon kontra yo apwouve nan Eleyo, yo dwe peye yon frè enskripsyon \$35.00 pou garanti plas yon elèv nan pwogram nan. Frè \$35.00 enskripsyon an pa ranbousab apre premye jou lekòl la, men yo kapab transfere l nan yon lòt pwogram gadri apre lekòl nan yon lòt Distri. Elèv yo PA kapab enskri nan okenn pwogram gadri apre lekòl si yo pa peye frè balans apre lekòl nan Distria a.

Aplikasyon yo enskri sou baz premye ki rive se premye y ap sèvi, baze sou plas ak estaf ki disponib. Yo etabli yon lisdatant lè pwogram nan plen. Amezi elèv ap aplike pandan ane a, y ap ajoute non yo sou listdatant la jiskaske yo kapab angaje estaf pou redui listdatant la.

ORÈ PWOGAM GADRI APRE LEKÒL (AFTERSCHOOL)

Pwogram gadri apre lekòl se yon bonjan pwogram anrichisman nan yon anviwònman ki san danje, ki ofri yon orè akademik ak aktivite espesyal epi ki pa kapab akomode sèvis okazyonèl Elèv yo dwe enskri epi yo dwe peye frè yo suivan orè pèman an pou tout pwogram ki endike anba la a:

Pwogram Gadri nan maten, Lendi - Vandredi (6:30 a.m. a 7:30 a.m.), si sa aplikab sou sit lekòl pwogram aprentan an, Lendi - Vandredi (2:00 p.m. a 6:00 p.m.).

Pwogram a tan pasyèl, Lendi-Vandredi (2:00 pm a 4:00 pm)

*Gade kalandriye lekòl la pou jou prezans elèv.

RÈGLEMAN SOU PEMAN

Yo kalkile frè yo baze sou prezans kontraktiyèl epi yo distribiye yo diran tout ane lekòl la. Yo dwe peye frè yo konplètman pou tout mwa a; yo pa kapab peye pa èdtan. Pou ede fanmi yo planifye bidjè yo, yo kapab fè yon peman pou tout mwa a OSWA an 2 vèsman pa mwa. Yo dwe efekte peman yo avan yo ba yo sèvis. Si pitit ou a enskri apre dat limit premye vèsman, ou dwe peye montan total mwa a OSWA premye vèsman an nan moman enskripsyon an. Yo dwe peye tout frè gadri apre lekòl yo nan Eleyo oswa nan biwo direktè/tris pwogram gadri a oswa reprezantan li.

Yo pa kapab peye frè yo nan direksyon lekòl la oswa bay pwofesè a. Pou nenpòt peman kach oswa money order, yo dwe emèt yon resi imedyatman.

FRÈ POU PEMAN ANRETA

Tout peman ki pa fèt anvan oswa nan dat delè ki endike nan Kalandriye Peman Frè Pwogram Apre Lekòl la, pral lakòz yo ajoute yon frè \$10.00 pou peman anreta chak mwa. Si yo pa fè peman, yo pral sispann/fini sèvis yo. Pou timoun nan (yo) retounen nan pwogram nan, kont la dwe ajou epi peye tout ansyen frè ansanm avèk frè pou peman anreta. Pa pral gen okenn ranbousman frè pou jou ki te rate yo akòz yo kanpe sèvis yo pou peman ki pa t fèt.

Paran yo kapab aplike pou Egzansyon Frè Peman anreta yonsèl fwa nan yon ane lè yo ranpli epi soumèt fòm PBS 2577 pwogram apre lekòl la te bay.



Department of Extended Learning

Manyèl pou Paran/Responsab

FRÈ POU VIN CHECHE ELÈV ANRETA

Pou chak minit yon paran/responsab an reta nan vin cheche pitit li a (yo), y ap chaje l yon frè \$1.00. **Reta repete nan vin cheche yon elèv kapab koze yo mete elèv la deyò nan pwogram nan.** Genyen yon lis pi ba a ki se yon egzanz frè yo chaje pou reta ki se \$1.00 pa minit:

Atanpasyèl 2:00 - 4:00 p.m., yo vin cheche elèv la a 4:10, sa ap enlike yon frè \$10.00 pou reta; Aplentan 2:00 - 6:00 p.m., yo vin cheche elèv la a 6:15, sa ap enlike yon 15.00 frè pou reta

REGLEMAN SOU RANBOUSMAN/KREDI

Pou retire yon elèv nan pwogram gadri a, paran an dwe avèti direktè/tris la alekri de (2) semèn alavans pou l kapab resevwa ranbousman peman. Yo p ap akòde lòt demann ranbousman.

PWOSESIS POU RANVWA/ VIN PRAN ELÈV

Tout elèv dwe prezante nan gadri apre lekòl la tousuit apre lekòl lage. Yo fè apèl epi yo soumèt li bay biwo gadri apre lekòl la nan premye kenz (15) minit pwogram nan kòmanse. Elèv ki absan pandan jounen lekòl la toujou kapab vini nan pwogram gadri apre lekòl la, montre yo an sante epi yon paran/ responsab te siyen pou yo nan pwogram nan. Se sèlman moun ki otorize jan sa endike nan Eleyo a ki kapab vin cheche timoun nan. Pou rezon sekirite, apèl telefoni paran/responsab yo pa ase pou lage okenn elèv. Moun yo otorize dwe genyen dizwit an (18) an oswa plis epi yo dwe genyen yon kat ID valid ak foto pou yo montre manm estaf pwogram gadri apre lekòl la chak jou lè y ap remèt li elèv la. Yon paran/ responsab dwe ranpli fòm pèmisyon pou minè vin cheche elèv (Under Age Pick Up Permission Slip- PBS2502) la si y ap voye yon minè ki poko gen dizwit(18) an vin cheche pitit yo. Minè sa yo dwe montre yon pyès idantifikasyon ak foto ki valid pou yo kapab vin cheche elèv la.

Amwenske genyen yon lòd responsabilite legal yon timoun espesifik Eta Florid (nenpòt lòt eta pa valid) nan dosye pwogram gadri apre lekòl la, yo gendwa remèt yon elèv bay paran/responsab ki pa legal la si li nan lis ki nan fòm enskripsyon an. Paran/responsab yo responsab pou kenbe enfòmasyon ki konsène moun ki otorize ak lòd responsab legal yo ajou. Pwoblèm responsablite legal yo fèt pou rezoud andeyò gadri lekòl la.

Konpòtman inapwopriye moun ki vin cheche yon elèv, enkli menas, langaj ostil, ap lakoz paran/responsab yo genyen pou yo fè lòt aranjman pou vin cheche elèv la, oswa y ap sispann sèvis gadri apre lekòl yo pou pitit yo a. Paran/Responsab/Moun ki otorize a dwe vin nan lekòl la epi itilize app prezans Eleyo a pou siyen non legal konplè li. Dat ak lè pou ale chèche elèv yo anrejistre nan Eleyo.

RÈGLEMAN SOU KONPÒTMAN

Elèv yo patisipe nan fè règleman pou gwoup. Yo ankouraje elèv yo pou fè chwa ki responsab epi yo rekonpanse yo pou konpòtman ki apwopriye. Desizyon elèv yo pran ki inapwopriye ap lakoz konsekans lojik. Objektif la se pou fòme elèv responsab ki genyen pouvwa pou yo chwazi meyè konpòtman an. Enfraksyon grav kapab lakoz yo fè yon Rapò sou Konpòtman nan Pwogram Gadri Apre Lekòl. Twa Rapò sou Konpòtman nan Pwogram Gadri Apre Lekòl pandan ane lekòl la kapab lakoz sispannyon oswa ranvwa yon elèv nan pwogram nan. Si li enlike nan nenpòt konfwontasyon fizik, ak/oswa yo jije danjere pou limenm oswa lòt moun, y ap enpoze sispannyon oswa ranvwa imedyat elèv la nan pwogram nan. Tout pratik pou disiplin timoun apwopriye ak laj timoun epi yo konsistan avèk Règleman 2.035 ak 5.1812. Komite Dirijan Lekòl la.

SNACK (Kolasyon)/ti goute

Pwogram Kolasyon ki bon pou sante nan Aprantisaj Pwolonje genyen ladan li yon bwason (lèt, dlo oswa ji 100%) ak omwen de (2) chwa manje ki bon pou sante. Tanpri, gade tablo enfòmasyon pou paran/responsab la pou yon meni kolasyon konplè pou diskite sou nenpòt pwoblèm alèji avèk direktè/tris la.



Department of Extended Learning

Manyèl pou Paran/Responsab

PWOSEDI POU SWEN SANTE

Elèv ki pa kapab rete nan gwoup yo akòz blesi oswa maladi ap rete nan biwo gadri apre lekòl la oswa kote pou yo siyen pou yo. Pwogram sa a swiv direktiv jou lekòl yo nan jere ka ijans yo. Si sa nesèsè, estaf ki kalifye bay premye swen minè epi yo avèti paran/responsab yo lè y ap siyen pou vin cheche pitit yo. Pou maladi oswa blesi grav, biwo pwogram gadri apre lekòl la ap kontakte paran/responsab yo imedyatman epi l ap nesèsè pou yo vin cheche pitit yo imedyatman. Pou evite blesi, nou atann pou elèv yo respekte kòd abiman lekòl la epi pou yo mete soulye ki fèmèn toutan pou sekirite.

Estaf pwogram gadri apre lekòl yo pa kapab bay okenn tip medikaman amwenske genyen yon otorizasyon medikal paran/responsab la ak doktè a siyen ki nan dosye biwo pwogram gadri apre lekòl la. **Elèv yo pa janm gen dwa genyen okenn medikaman sou yo**, eksepte vaporizatè pou opresyon oswa Epi-Pen avèk otorizasyon doktè, oswa medikaman pou soulaje tèt fè mal pandan yo nan lekòl la oswa nan yon evènman oswa aktivite lekòl la patwone san yon nòt oswa preskripsyon doktè. Food and Drug Administration (FDA) Etazini dwe kontwole izaj medikaman san preskripsyon an pou trete tèt fè mal.

Nenpòt timoun, manm estaf gadri a oswa lòt moun nan pwogram nan yo sispèk ki ta gen grip oswa genyen nenpòt maladi kontajyez, y ap retire l nan pwogram nan oswa izole l jiskaske yo vin chèche l. Moun sa a pa kapab retounen san yon otorizasyon medikal, oswa jiskaske siy ak sentòm maladi a pa prezan.

Nimewo pou kontakte tout moun ki otorize pou vin cheche elèv dwe ajou epi nan dosye nou. Elèv yo dwe suiv direktiv ki nan Règleman Komite Dirijan Lekòl 5.3213 ak nenpòt lòt konsèy ki soti nan Depatman Sante Florid ak Sipèntandan an.

POLITIK AKSÈ FASIL

Nan fè tout efò pou nou sèvi fanmi yo pi byen, tanpri, sonje pòt pwogram gadri apre lekòl yo toujou ouvè. Paran /responsab ki otorize ap kapab jwenn aksè nan pwogram nan annakò avèk pwosedri sekirite ki apwopriye yo, pou enkli siyen nan direksyon an epi pou estaf akonpaye yo nan zòn ki deziye. Nou konsidere fanmi yo kòm patnè nan pwogram gadri apre lekòl sa a. Paran ki ta renmen pataje talan yo avèk elèv ki nan pwogram gadri apre lekòl la ta dwe kontakte direktè/tris sit la.

Nan ka orè yon paran pèmèt li patisipe nan lè pwogram gadri apre lekòl yo oswa aktivite espesyal, yo ta dwe pale avèk direktè/tris la pou yo kapab patisipe.

RESOUS

Tanpri, vizite <https://palmbeachcountyschools.reg.eleyo.com/sitecontact> pou kontak enfòmasyon sou lokal la. Direktè/tris lokal apre lekòl la pral bay lòt enfòmasyon espesifik pou pwogram apre lekòl la tou:

- Kalandriye frè
- Orè pwogram lan
- Nimewo telefòn biwo apre lekòl ak telefòn selilè si sa aplikab
- Plan evakyasyon andeyò kanpis la nan ka ijans

Anplis, resous paran/responsab yo disponib sou tablo Enfòmasyon sou Paran/responsab ki nan biwo pwogram apre lekòl la.

Depatman Sante Florid (Depatman an) ak nivo aktivite "influenza" oswa "grip" Grip se yon maladi respiratwa ki kontajyez viris influenza koze. Li kapab koze maladi lejè oswa grav. Ka grav enfeksyon grip kapab koze ospitalizasyon oswa lanmò. Genyen kèk moun, tankou jèn timoun, granmoun, ak moun ki genyen kondisyon medikal ki genyen risk pou konplikasyon grav grip koze. Depatman an ankouraje fanmi yo pou yo vaksine kont grip la.



Department of Extended Learning

Manyèl pou Paran/Responsab

Vaksinasyon se meyè pwoteksyon kont grip ak konplikasyon grav grip koze. Vaksinasyon se sa ki pi enpòtan pou timoun ki genyen kondisyon medikal tankou asm, dyabèt, maladi kè, ak kondisyon newolojik ak newodevelopmantal. Yo ofri vaksen grip la nan plizyè kote ki enkli famasi, klinik, anplwayè, ak lekòl. Kontakte doktè/klinik ou, depatman sante rejyon an, oswa vizite <http://www.floridahealth.gov/findaflushot> pou jwenn yon sant vaksen kont grip toupre w.

Vaksen grip la san danje. Komite Konsèy Nasyonal sou Pratik Vaksen (ACIP ann anglè) rekòmande pou tout moun ki genyen sis mwa oswa plis resevwa vaksen grip la **chak ane**. Poutèt ti bebe anba sis mwa twò pitit pou pran vaksen kont influenza, li enpòtan pou manm fanmi yo (enkli moun ki ansent oswa manman k ap bay tete) ak lòt moun k ap okipe timoun sa yo pran vaksen an pou ede pwoteje yo kont maladi sa a.

Li espesyalman enpòtan pou pran yo **kenbe timoun ki malad yo lakay yo** pou evite pwopagasyon viris grip la bay lòt moun. Lòt etap prevansyon viris yo enkli rete lwen moun ki malad, kouvri etèniman ak tous avèk yon mouchwa papye oswa koud yo, evite touche zye, nen ak bouch yo, epi lave men souvan.

Si pitit ou kontakte maladi grip, kontakte doktè ou pi vit posib apre sentòm yo parèt. Sentòm grip yo souvan enkli lafyèv, tous, gòj fè mal, nen k ap koule, kò fè mal, maltèt, oswa fatig. Medikaman antiviral pou grip sanble redui gravite ak tan maladi a dire, diminye risk konplikasyon influenza, epi redui risk lanmò pami moun ki ospitalize, patikilyèman moun ki kòmanse tretman bonè nan maladi yo. Doktè kapab preskri tretman antiviral si sa apwopriye. Tretman yo pi efikas lè yo kòmanse nan 48 èdtan., dopnk kontakte doktè w menm moman pitit ou vin malad enpòtan, espesyalman si pitit ou genyen kondisyon sante ki preegzistan.

Meyè fason pou pwoteje tèt pa w ak fanmi w epi kenbe yo an sante pandan sezon grip la se pou:

Pran vaksen;

Fè manm fanmi ki malad rete lakay yo;

Kontakte doktè ou si oumenm oswa pitit ou genyen sentòm grip; epi suiv konsèy doktè ou sou tretman.

Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite <https://www.cdc.gov/flu/index.htm>



Department of Extended Learning
 Manyèl pou Paran/Responsab

EGZANP ORÈ/DESKRIPSYON AKTIVITE*

(Orè a se pou enfòmasyon sèlman epi li kapab pa reflekte aktivite reyèl nan pwogram sa a)

Gwoup 1	Lè	Lendi	Madi	Mèkredi	Jedi	Vandredi AMIZAN	
	2:00 - 2:25	SNACK (Kolasyon)/ti goute Salklas	SNACK (Kolasyon)/ti goute Salklas	SNACK (Kolasyon)/ti goute Salklas	SNACK (Kolasyon)/ti goute Salklas	SNACK (Kolasyon)/ti goute Salklas	
ATANPASYÈL	2:25 - 03:00	Òganize Nan Lakou Aktivite Paviyon	Òganize Nan Lakou Aktivite Zòn Gazon	Òganize Nan Lakou Aktivite Teren "Kickball"	Òganize Nan Lakou Aktivite Teren Baskètbòl	Òganize Nan Lakou Aktivite Nan Lakou	
	03:00 - 03:30	Gide Devwa Salklas	Gide Devwa Salklas	Gide Devwa Salklas	Gide Devwa Salklas	Pwomnad Vityèl Pwomnad Salklas	
	3:30 - 4:00	Jwèt salon Salklas	Inisyativ Akademik Salklas yo deziye				KLIB Deziye Lokal
Gwoup 2	Lè	Lendi	Madi	Mèkredi	Jedi	Vandredi AMIZAN	
APLENTAN	2:00 - 2:25	Òganize Nan Lakou Aktivite Paviyon	Òganize Nan Lakou Aktivite Zòn Gazon	Òganize Nan Lakou Aktivite Teren "Kickball"	Òganize Nan Lakou Aktivite Teren Basketball	Òganize Nan Lakou Aktivite	
	2:30 - 3:00	SNACK (Kolasyon)/ti goute	SNACK (Kolasyon)/ti goute	SNACK (Kolasyon)/ti goute	SNACK (Kolasyon)/ti goute	SNACK (Kolasyon)/ti goute	
	03:00 - 03:30	Devwa gide	Devwa gide	Devwa gide	Devwa gide	Pwomnad Vityèl	
	3:30 - 4:00	Jwèt salon Salklas	Mizik ak mouvman Salklas	Jwèt Kowoperatif Salklas	Atizay Kreyatif Salklas	 Salklas	
	4:00 - 5:00	"Brain Quest" Salklas	Inisyativ Akademik Salklas yo deziye				Jwèt salon Salklas
	05:00 - 06:00	KLIB Aktivite nan Lakou ki Òganize/*Devwa avèk èd	KLIB	KLIB	KLIB	KLIB	

Yo ofri elèv yo yon tan adisyonèl pou fè devwa apre 5:p.m. nan salklas yo deziye